# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 दिसंबर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु लखनऊ में पूर्व प्रधानमंत्री भारतरत्न अटल बिहारी वाजपेयी क एक सौ एक वीं जयंती के मौका पर राष्ट्र प्रेरणा स्थल क उद्घाटन कइलें। पैंसठ एकड़ क्षेत्रफल में विकसित कइल गइल येह स्थल परिसर में उहां के अटल बिहारी वाजपेयी, श्यामा प्रसाद मुखर्जी अउर पंण्डित दीनदयाल उपाध्याय क कांस्य मूर्तियन क लोकार्पणों कइलें। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत श्री मोदी पूर्व प्रधानमंत्री के साथे पंडित मदन मोहन मालवीय के याद कइलें। उहां के कहलीं कि–

***25 दिसंबर का यह दिन देश की दो महान विभूतियों के जन्म का अद्भुत संयोग लेकर के आता है। भारत रत्न अटल बिहारी वाजपेजी जी, भारत रत्न महामना मदन मोहन मालवीय जी, इन दोनो महापुरूषों ने भारत की अस्मिता, एकता और गौरव की रचना भी और राष्ट्र निर्माण में अपनी अमिट छाप छोड़े।***

राष्ट्र प्रेरणा स्थल के महत्व क चरचा करत प्रधानमंत्री कहलें कि ई जगहि देस क लोगिन बदे नया प्रेरणा क स्रोत बनी।

**राष्ट्र प्रेरणा स्थल हमें संदेश देता है कि हमारा हर कदम, हर पग, हर प्रयास राष्ट्र निर्माण के लिए समर्पित है। सबका प्रयास ही विकसित भारत के संकल्प को सिद्ध करेगा।**

प्रधानमंत्री कहलें कि अटल जी के जयंती क ई दिन सुसासन क उत्सवों हौ। उहां के कहलीं कि लम्बा समय ले देस क गरीबी हटाओ क नारा दिहल गइल रहल बाकिर अटल जी सही अर्थ में सुसासन के जमीन पर उतारे क कार कइलें। येह मौका पर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौजूद रहलें।

**********

ओहर, पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेई क जयंती पर प्रदेस क सज्जो जिलन में कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हौ। बनारस में श्री काशी विश्वनाथ धाम क गंगा द्वार पर उन्हें सरधांजलि अरपित कइल गइल। येह मौका पर मौजूद लोगि गंगा निर्मलीकरण क संकल्प के साकार करे क सपथ लिहलें। जौनपुर में अटल जी क जयंती के सुसासन दिवस के रूप में मनावल गइल। आजमगढ़ में अटल जयंती के मौका पर उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर आधारित संगोस्ठी अउर परदरसनी क आयोजन कइल गइल। गोरखपुर में भाजपा के पारटी कार्यालय पर अटल जी क जिनगी पर आधारित परदरसनी क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर उनके फोटो पर फूल चढ़ा के सरधांजलि दीहल गइल।

**********

प्रदेस आजु भारत रत्न महामना पंडित मदन मोहन मालवीय क एक सौ चौंसठवीं जयंती मना रहल हौ। लोगि मालवीय जी क मूर्ति अउर फोटो पर माला अउर फूल चढ़ा के उन्हें सरधांजलि दे रहल हवें। काशी हिन्दू विश्वविद्यालय क मालवीय भवन में येह मौका पर पुष्प प्रदर्शनी क आयोजन कइल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ महामना क स्मृतियन के नमन करत ओन्हें विनम्र सरधाजंलि अर्पित कइलें।

**********

आयकर विभाग आकलन बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे डेटा–आधारित नड्ज अभियान सुरू कइले हौ। एकरे जरिया से गैर जरूरी कटउती आ छूट के दावन क स्वैच्छिक समीक्षा करे बदे प्रोत्साहित कइल गइल हौ। येह अभियान में चिन्हित करदाता लोगिन से एसएमएस अउर ई–मेल के जरिया से अइसन त्रुटियन के सुधारे क अरज कइल जा रहल हौ। संसोधित आयकर रिटर्न दाखिल करे क आखिरी तारीख एकतीस दिसम्बर हौ।

**********

नया सालि पर काशी विश्वनाथ धाम में होखे वाली अप्रत्यासित भीड़ि के देखि के मंदिर प्रसासन अजुये से स्पर्स दरसन पर रोकि लगा दिहले हौ। मदिर क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्वभूषण मिश्र बतवलें कि आम सरधालुअन के बाबा विश्वनाथ क पुरहर दरसन मिलि सके अउर मंदिर क व्यवस्था सुचारू रूप से चलत रहे एके देखि के स्पर्स दरसन पर रोकि लगावे क फैसिला कइल गइल हौ।

**********

प्रदेस भर में आजु क्रिसमस क तिउहार सरधा, भक्ति अउर हंसी–खुसी के साथे धूमधाम से मनावल जा रहल हौ। ईसाई समाज क लोगि प्रभु ईसा मसीह के जनमदिन पर उन्हें यादि कइ रहल हवें अउर एक–दूसरे के तिउहार क बधाई दे रहल हवें। येह मौका पर सज्जो गिरजा घरन के आकरसक ढंग से सजावल–संवारल गइल हौ। लोगि आसपास के गिरजा घरन में जा के प्रभु यीशू बदे सरधा अरपित कइ रहल हवें। कई जगहिनि पर तिउहार के ले के क्रिसमस मेला क आयोजनों कइल गइल हौ। कई जगहिनि पर कैरोल गायन क कार्यक्रमो आयोजित कइल गइल हौ।

**********

प्रदेस क सज्जो पूरबी जिलन में कड़ेर ठंडी पड़ि रहलि हौ। कई जिलन में घना कुहेसा के नाते जन–जीवन परभावित हो गइल हौ। एकर असर रेल अउर हवाई जतरो पर पड़ि रहल हौ। ट्रेन अबेर से चलि रहलि हइनि अउर हवाई जतरा परभावित हो गइल हौ। ठंडी के देखि के कई जिलन में जिला प्रसासन सिक्षण संस्थानन के बन्न रक्खे क निरदेस जारी कइले हौ। कुछु जिलन में स्कूलन के समय में बदलाव कइल गइल हौ। मौसम विभाग राज्य क कई जिलन में अगिला तीनि दिन बदे खुबे घना कुहेसा अउर सितलहर क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हौ।

**********